

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu baba dipedar jeung didéskripsikeun (1) kacindekan, (2) implikasi, jeung (3) rékoméndasi.

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV ieu panalungtikan bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah taun ajar 2021/2022 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* katitén tina aspék kasaluyuan téma kagolong sedeng (3,3), aspék organisasi eusi kagolong kurang (2,9), pilihan kecap atawa diksi kagolong kurang (2,5), aspék makéna basa kagolong kurang (2,4), aspék éjahan kagolong kurang (2,3). Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah taun ajar 2021/2022 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* kaasup kana katégori can mampuh (54,1).
- 2) Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah taun ajar 2021/2022 sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* katitén tina aspék kasaluyuan téma kagolong alus (4,7), aspék organisasi eusi kagolong alus (4,6), aspék pilihan kecap atawa diksi kagolong alus (4,0), aspék makéna basa kagolong sedeng (3,6), aspék éjahan kagolong sedeng (3,6). Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah taun ajar 2021/2022 sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* kaasup kana katégori mampuh (82,7).
- 3) Aya bédana anu signifikan kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah taun ajar 2021/2022 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* jeung sanggeus

ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)*. Ieu hal katitén tina hasil *uji statistic non parametris* nyaéta nilai signifikansina  $0,000 < 0,05$  nu hartina  $H_0$  ditolak jeung  $H_a$  ditarima. Jadi aya bédana anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah taun ajar 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* hususna kamampuh kasaluyuan téma jeung eusi, organisasi eusi, pilihan kecap atawa diksi, makéna basa, jeung éjahan. Ku kituna, modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* éféktif digunakeun ogé bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI Perbankan Syariah SMK Al-Husaeniyah taun ajar 2021/2022.

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, dilarapkeun modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* miboga implikasi yén ieu modél pangajaran téh ditarima ku siswa. Digunakeunna model pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* jadi salah sahiji cara pikeun nuwuhkeun sikep kréatif siswa dina ngamekarkeun ide jeung gagasan, parigel dina milih jeung makéna kecap, ogé éféktifna. Salian ti éta nalika prak-prakanna ngagunakeun ieu modél siswa jadi interaktif jeung babaturanna sanajan diajar daring ngagunakeun zoom, ogé siswa jadi mikir kritis jeung leuwih aktif dina proses diajarna.

## 5.3 Rékoméndasi

- a. Dumasar kana hasil panalungtikan, yén modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* téh éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok. Kusabab kitu, modél pangajaran *Think-Talk-Write (TTW)* bisa dijadikeun model alternatif ku guru dina pangajaran nulis carita pondok di sakola.
- b. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku sabab kitu perlu ayana panalungtik séjén anu ngagunakeun métodé ékspérimen murni jeung make media pembelajaran sangkan leuwih lega ngeunaan ieu modél.